# Нөкис-Шымбай-Тахтакөпир жолларындағы насазлықлар бойынша социаллық тармақларда жәрияланған мақала бойынша Қарақалпақстан Республикасы автомобил жоллары аймақлық басқармасы баслығы А.Гобенов төмендегилерди мәлим етти

Усы жылдың 30-август күни социаллық тармақларда «Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығына Нөкис қаласы турғыны А.Тилегеновтан Сәлемнама» атлы мақала жәрияланған еди. Онда Нөкис-Шымбай-Тахтакөпир жолларындағы насазлықлар айтылған.

Бул бойынша Қарақалпақстан Республикасы автомобил жоллары аймақлық басқармасы баслығы А.Гобенов төмендегилерди мәлим етти.

4Р 176-“Нөкис-Шымбай-Тахатакөпир” автомобиль жолының 47-км.нен 84-км аралығы Шымбай районлық Автомобиль жоллардан пайдаланыў унитар кәрханасына бириктирилген болып, кәрхана тәрепинен 4Р 176-“Нөкис-Шымбай-Тахатакөпир” автомобиль жолының 72 ҳәм 84-км аралығына күнделикли оңлаў жумысларын жүргизиў ушын 800,0 млн. сўмлық қаржы ажыратылып, сентябрь айында усы жолға асфальтобетон қаплама жатқарыў режелестирилген.

Усы жолдың Шымбай районы Кеңес АПЖ аймағынан өтиўши бөлими яғный 76-км.нен 78-км аралығына 2018-жыл “Абат аўыл” бағдарламасы тийкарында реконструкция жумыслары жүргизилген. Атап айтқанда жолдың еки тарепин кеңейтиў асфальт жатқарыў ҳәм пиядалар жолын қурыў жәнеде жолдың еки тәрепин жақлантырыў жумыслары алып барылған.

Image not found or type unknown

Сондай-ақ, Нөкис-Шымбай-Тахтакөпир автомобиль жолының 53-км.нен 58–км аралығына киши оңлаў жумыслары усы жылдың август айында басланып бүгинги күнде толық жууўмақланыў алдында тур.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Мақалада көрсетилген Нөкис-Шымбай-Тахтакөпир автомобиль жолының Қараөзек районы аймағынан өтиўши бөлими яғный 84-89 км аралығында Қарақалпақстан Республикасы Автомобиль жоллары аймақлық бас басқармасы тәрепинен 2020-жылда ажыратылған лимит тийкарында Қараөзек районлық жоллардан пайдаланыў унитар кәрханасы тәрепинен 4Р176 «Нөкис-Шымбай-Тахтакөпир» автомобиль жолының 84-89км аралығындағы оңлаў жумысларына жәми 13 млрд сўм муғдарындағы реже белгиленген ҳәм жойбар смета ҳүжжетлери ислеп шығылып, соннан бүгинги күнге келип 86-88км аралығындағы оңлаў жумыслары өз жууўмағына жеткерилген.

Image not found or type unknown

Атап айтқанда, жолдың еки тәрепин кеңейтиў, пиядалар жолын қурыў жәнеде жолдың еки тәрепине жақтыландырыў

жумыслары алып барылған. Ҳәзирги ўақытта 88-89км аралығына ени-14 метр, болған жолға асфальт жатқарыў жумыслары әмелге асырылмақта.

Image not found or type unknown

Мақалада көрсетилген фотосүўрет бойынша үйрениў жумыслары алып барылғанда бул 4Р176 «Нөкис-Шымбай-Тахтакөпир» автомобиль жолының 82-83 км екени аықланды. Бул кемшиликлер бойынша 2020-жылдың 31-август күнинен баслап оңлаў жумысларының баслап жиберилгенин ҳәм тез арада бул насазлықлардың сапластырлатуғынын мәлим етип билдиремиз.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Мағлыўмат орнында атап өтиў керек 2020-жыл январь айынан баслап Қарақалпақстан Республикасы аймағындағы улыўма пайдаланыўдағы автомобиль жолларының эксплуатация қәрежетлерине жәми 102,3 млрд.сум қаржы ажыратылған болып, соннан күнделикли оңлаў жумысларына 55,8 млрд.сум, сақлаў жумысларына 36,9 млрд.сум, қысқы қараў жумысларына 0,6 млрд.сум ҳәм көклемзарластырыў жумысларына 8.8 млрд сум қаржы ажыратылған.

Ҳәзирги ўақытта күнделикли оңлаў жумыслары бойынша 52,1 млрд сум муғдарындағы яғный 194 км жолда оңлаў жумыслары алып барылды ҳәм бул жумыслар еледе даўам етпекте.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Мәлимлеме хызмети